



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL AN REPONS AK TEMWANYAJ
KONGRÈ A KI SOTI NAN MEN REZIDAN BUFFALO YO**

"Pandan de jou peyi nou an te tande ak anpil detay moun ki te afekte pa vvolans ak zam yo. Anpil nan moun ki te temwaye yo se vwazen mwen nan Vil Buffalo, moun tankou Zeneta Everhart, manman yon jèn gason ki te siviv fiziyad la pa mirak, ak Garnell Whitfield Jr., ki te trajikman pèdi manman li nan zak vvolans ak zam san sans sa a. Sivivan yo, manm fanmi yo, lapolis ak pwofesyonèl medikal yo te reyini ansanm pou pataje istwa endivididyèl yo epi lanse yon apèl inifye nbay Washington: li lè pou nou aji.

Se poutèt sa mwen mande Kongrè a pou li adopte nouveau lwa sou sekirite kont zam nan tout peyi a, tankou ogmante laj pou achte zam semi-otomatik. N ap fè tout sa ki nan pouvwa nou pou anpeche vvolans ak zam isit la nan New York men yon eta pa ka rezoud pwoblèm sa a poukонт li. Menmsi vil natal nou an te deja dechire, aksyon solid nan nivo federal gen pouvwa pou anpeche trajedi alavni. Nan moman esansyèl sa a Buffalo - ak Etazini - pa merite anyen ki mwens."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418